

Coronavirus (COVID-19): Imfashanyo kubantu bafise ubumuga

Irembo ry'abafise Ubumuga (The Disability Gateway)

Irembo ry'abafise Ubumuga ritanga amakuru no kohereza kubantu bafise ubumuga bakeneye ubufasha kubera coronavirus. Irashobora gufasha imiryango, abarezi hamwe n'abakozi bafasha, nabo.

Urashobora kuvugana N'irembo ry'abase Ubumuga kuri **1800 643 787**.

Irembo ry'abafise Ubumuga bakora kuva Kuwambere gushika Kuwagatanu kuva 8am gushika 8pm. Ntabwo iboneka muri wikendi canke iminsi mikuru rusange.

Niba uri udashobora kumva, canks ufise ubumuga bwo kutumva canke kutavuga, urashobora guhamagara Ikigo C'igihugu Gishinzwe Ubutumwa kuri **133 677**.

Niba ukeneye imfashanyo mu rundi rurimi, urashobora gukoresha Serivisi yo Guhindura no Gusobanura (TIS National):

- kuguhamagara Irembo ry'abafise Ubumuga kuri **1800 643 787** hanyuma ukabaza yuko ukeneye umusobanuzi, canke
- guhamagara TIS kuri **131 450** hanyuma ukabaza yuk ukeneye kuvugana no Irembo ry'abafise Ubumuga kuri **1800 643 787**.

Kubera iki woterefona Irembo ry'abafise Ubumuga?

Irembo ry'abafise ubumuga ryashizweho kugirango ubashe kuvugana numuntu wumva ivyo ukeneye.

Niba wumva uri wenyene, ubuze amahoro canke uhangayikishijwe na coronavirus canke niba ushaka kuganira ku bihe vyihariye bireba ababana n'ubumuga, turashobora kugufasha. Akarorero, niba umukozi wawe agufasha atahageze, uwaguhaye serivisi yahagaritse serivisi canke niba bikugoye kubona ibiryo, imiti canke nibindi bintu vyingenzi.

Irembo ry'abafise Ubumuga rizaguhaha amakuru asobanutse kandi yagenzuwe neza, kandi azaguhereza muri serivisi zishobora kugufasha kurushaho, nka serivisi z'ubujana canke ubuvugizi, niba ubishaka.

Ibikoresho vya Coronavirus biboneka kandi vyahinduwe

Urutonde rwibikoresho vyoroshye kuri coronavirus, harimo no Gusoma Vyoroshe na Auslan, birahari kuri www.disabilitygateway.gov.au.

Urashobora kandi kubona amakuru ajanye na coronavirus yahinduwe mundimi 63 kuri [Urubuga Rushinzwe Mu Gihugu Hagati](#).

Inkuru nshasha

Ushaka ubuzima buheruka hamwe ninama zemewe hamwe namakuru agezweho kuri coronavirus muri Australia, harimo no Imigambi y'aleta na leta yawe aho ubaye canke intara zishiraho kugirango bagabanye ikwirakwizwa rya virusi, raba [Urubuga rwa Reta ya Australia](#).

Uburyo bwo kurega

Abantu bafise ubumuga bafise uburenganzira bwo kwibwira serivisi bahabwa. Niba ufite impungenge kubyerekeye n'infashanyo canke serivisi zubu, urashobora guhamagara:

- **Komisiyo Ishinzwe Ineza no kurinda NDIS** – nimba ufise ubwoba bujanye nubwiza canke umutekano w'infashanyo za NDIS canke serivisi wakiriye
- **Ishirahamwe R'igihugu Rishinzwe Gufasha Abafise Ubumuga (NDIA)** – nimba ufise ubwoba kubijanye n'umugambi wawe wa NDIS canke NDIA
- **Hamagara kuri terefone kuri Ihohoterwa Ry'igihugu no Kwirengagiza** – kubamenyesha ihohoterwa no kutita kubantu bafise ubumuga
- **Ikirego co Gukemura no Gutanga Serivisi** –niba ufise impungenge kuri Serivisi urunka binyuze biciye muri Serivisi Ishinzwe Ubumuga (DES), Ibigo Vy'abafise Ubumuga vyo muri Australia (ADE) na /canke Serivisi Ishinzwe Ubuvugizi Bw'abafise Ubumuga
- **Umurongo W'ibirego DSS** – niba ufise impungenge kubandi bose batanga Infashanyo N'ishami Rishinzwe Imibereho Myiza.

Inkuru izindi

Leta ya Australia itanga infashanyo zitandukanye na gahunda ku bafise ubumuga. Nimba ugomba umenye uwundi ushobora kuvugana canke kubindi bisobanuro woraba kuri www.disabilitygateway.gov.au

Ibiherutse gusibiggwamo Ruhuhuma 2021.